

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun kaulinan barudak jeung ajén moral dina kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa pikeun bahan pangajaran kaulinan barudak di Kelas VII SMP. Aya tilu analisis nu bisa dicindekkeun dina ieu panalungtikan, nya éta rupa-rupa kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa, ajén moral dina kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa, jeung bahan ajar kaulinan barudak.

Aya 28 kaulinan nu kakumpulkeun dina ieu panalungtikan di Désa Kebonkalapa, nya éta: 1) bancakan, 2) barén, 3) bébélotan, 4) congklak, 5) dodo-dodoan, 6) ééngkléan, 7) éngklé gunung, 8) éngklé kapal, 9) galah, 10) jajangkungan, 11) langlayangan, 12) lompat tinggi, 13) ngadu kaléci, 14) om-oman, 15) sapintrong, 16) ucing babuk, 17) ucing buaya, 18) ucing jatup, 19) ucing dongko, 20) ucing sandal, 21) ucing sumput, 22) ucing tepa.

Sacara umum tina 22 kaulinan waktu pikeun ulinna bébas, bisa isuk, beurang, jeung sore. Témpat ulinna lolobana ngabutuhkeun tempat nu lega saperti lapangan atawa buruan imah. aya hiji kaulinan nu bisa diulinkeun di jero imah, nya éta congkak.

Palaku atawa pamaénna, budak lalaki jeung budak awéwé. Aya dua kaulinan nu sok diulinkeun ku budak lalaki wungkul, nya éta ngadu kaléci jeung langlayangan. Aya ogé hiji kaulinan nu sok diulinkeun ku budak awéwé wungkul, nya éta congkak.

Tina 22 kaulinan aya 16 kaulinan nu maké pakakas dina prakna arulin, nya éta: 1) bancakan, 2) barén, 3) éngklé gunung, 4) bancakan, 5) ngadu kaléci, 6) babancakan, 7) bébélotan, 8) éngklé kapal, 9) ucing sandal, 10) congklak, 11) ééngkléan, 12) ngadu kaléci, 13) Loncat tinggi, 14) sapintrong, 15) ucing babuk, sarta 16) ucing sandal. Sedengkeun salapan kaulinan deui teu maké pakakas dina prakna ulin, nya éta kaulinan: 1) galah, 2) ucing buaya, 3) ucing dongko, 4) ucing sumput, 5) ucing tépa, 6) om-oman, 7) ucing jatup, 8) dodo-dodoan, sarta 9) ucing sumput.

Opat ajén moral nu ngawengku: 1) moral manusa ka dirina, 2) moral manusa ka manusa, 3) moral manusa ka alam, 4) jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir batin kapanggih dina 22 kaulinan di Désa Kebonkalapa nya éta, bancakan, barén, congklak, éngklé gunung, éngklé kapal galah, jajangkungan, langlayangan, ucing buaya, ucing dongko, ucing sumput, ucing tépa, ngadu kaléci, om-oman, ucing jatup, bébélotan, dodo-dodoan, ucing sendal, ééngkléan, loncat tinggi, sapintrong, jeung ucing babuk.

Dumasar kana kritéria milih jeung nangtukeun bahan pangajaran, bisa dicindekkeun yén kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa luyu pikeun bahan pangajaran kaulinan barudak di Kelas VII SMP, nu salah sahiji tujuanna nya éta pikeun ngawangun karakter siswa nu miboga moral jeung sikep nu hadé.

## **5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi**

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngaranna kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkérán dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kana kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kabudayaan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan ajén moral dina budaya Sunda, utamana dina kaulinan barudak, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran. Ku kituna, aya sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) masarakat.

Pikeun panalungtik satuluyna, perlu dianalisis deui ngeunaan aspék séjén dina kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa, sangkan pangaweruh dina ieu kaulinan bisa leuwih ngajembaran jeung loba mangpaatna. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran kaulinan barudak di sakola. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudangkeun karep pikeun mikawanoh kana budaya Sunda, utamana kaulinan barudak. Anu pamungkas, dipiharep masarakat bisa nyonto sikep moral anu hadé anu aya dina kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa, sangkan teu kabawa sakaba-kaba.